


# Bibiliya y' Abana

## Ishikirije

Intango  
y'Umubabaro  
w'Umwana  
w'Umuntu



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:  
Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson

Itunganywa na: M. Maillot; Tammy S.

Isobanurwa mu Kirundi na:  
Rémy Christian NTIRURIKURE

Yateguwe na: Biblefor Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)


©2020 Bible for Children, Inc.

Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke  
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihe gusa mutayigurisha.



IMANA YAREMYE VYOSE! Igihe  
Imana yarema umuntu wa mbere,  
Adamu, yabaye mw'Ishamba rya  
Edeni n'umugore wiwe, Eva. Bari

bafise umunezero wuzuye  
mu kubaha Imana hamwe  
n'Ubwiza bwayo gushika  
umusi umwe ...





"Mbega Imana  
yarababwiye  
kutarya ku biti  
vyose?" inzoka ibaza  
Eva. "Turashobora kurya  
ku vyamwa vyose kiretse  
kimwe," arishura. "Nitwarya  
canke tugakora kuri  
kirya camwa, tuzopfa."  
"Ntimuzopfa," inzoka  
iritwengera.



"Uzoca uhinduka  
nk'Imana." Eva  
yifuza ca camwa  
co kuri ca giti.  
Yumviriza ya  
nzoka aheza  
ararya ca camwa.

Inyuma y'aho Eva agararije  
Imana, aca ajana Adamu kurya  
ca camwa nawe. Adamu yari  
gutegerezwa kuvuga,  
“Oya! Singarariza  
Ijambo ry’Imana.”





Igihe Adamu  
na Eva bamaze gukora icaha,  
bose uko ari babiri bamenya ko bari gusa.  
Bafatanya amababi y'umusukoni bayikoramwo  
agahuzu, barifuka, baraheza baranyegera mu  
gisanze, bihisha ubwiza bw'Imana.




A colorful illustration set against a blue background. On the left, Adam, a man with a beard, stands behind green bushes. In the center, Eve, a woman with long brown hair, looks towards the right. A large green snake with yellow stripes and red fangs is coiled on the right side of the frame. Yellow clouds are scattered across the top left.

Mu kayaga ko ku mugoroba  
Imana iza mw'ishamba (rya  
Edeni). Yari izi ico Adamu na  
Eva bakoze. Adamu ashavurira  
Eva. Eva ashavurira inzoka.  
Imana ivuga, "inzoka iravumwe.  
Umugore azogira ububabare  
igihe avyara abana."


"Adamu, kubera ko wakoze  
icaha, isi iravumwe izokwama  
amahwa n'imigenge. Uzokora  
uruhe kandi ubire akuya  
kugira uronke ivyo urya ku  
musi ku musi."





Imana ikura Adamu na  
Eva muri rya shamba  
ry'igitangaza. Kubera  
ko bakoze icaha, baca  
batandukana  
n'Imana itanga  
ubugingo!





Imana irema inkota yaka  
umuriro kugira ibigizeyo.  
Imana itegura impuzu mu  
nshato iha Adamu na  
Eva. Imana  
yakuye  
inshato  
hehe?



Muri ico gihe, umuryango wari uvutse kuri Adamu na Eva. Umuhungu wabo wa mbere, Kayini, yabaye umurimyi. Umuhungu wabo wa kabiri, Abeli, aba umworazi.




Umusi umwe Kayini azanira Imana ivyimburwa bimwe bimwe nk'ishikanwa. Abeli azana intama nziza zirengeye urugero nk'ingabirano ku Mana. Imana ihmbarwa n'ishikanwa rya Abeli.



Imana ntiyanezererewe  
ishikanwa rya Kayini. Kayini  
araheza arashavura cane.

Ariko Imana iravuga, "wokora  
ibigororotse, mbega  
ntiwokwemerwa?"



Ishavu rya Kayini  
ntiryamuvamwo. Haciye  
igihe, bari mu mirima, agwa kuri  
Abel araheza aramwica!



Imana ibwira Kayini, "mweneso,  
Abeli, ari hehe?" "Sinzi," Kayini  
arabesha. "Mbega mbaye  
umwungere wa mwene data?"


Imana ihana Kayini mu kumwaka  
ububasha bwo kurima, iraheza  
imugira inyererezi.



Kayini ava mu bwiza bw'UHORAH.  
Yubakana n'umukobwa wa Adamu  
na Eva. Bagira umuryango.



Mu gihe gito, abuzukuru  
n'abuzukuruza ba Kayini  
bakwira igisagara yatanguje.



Muri ako kanya, umuryango wa  
Adamu na Eva uragwira ningoga.  
Muri iyo misi, abantu babaho igihe  
kirekire gusumba muri ino misi.



Igihe umuhungu wiwe Seti yavuka, Eva aravuga, "Imana yampaye Seti ngo asubirire Abeli." Seti yari umuntu yubaha Imana abaho imyaka 912 kandi avyara abana benshi.



Mw'isi, abantu bahinduka ibigaba nk'uko  
uruvyaro rwagenda rukurikira  
urundi. Impera n'imperuka,  
Imana ihitamwo guhonya  
umwana w'umuntu  
hamwe ...



... ibikoko n'inyoni vyose hamwe.  
Imana iricuza icatumye irema  
umuntu. Ariko umuntu umwe  
yarahimbaye Imana ...





Uyo muntu yari Nowa.  
Umugabo yamuka kuri Seti,  
Nowa yari umugororotsi  
kandi ata gasembwa.  
Yagendana n'Imana.



Yarongera akigisha abahungu  
biwe batatu kwumvira Imana.  
Ubwo Imana itegura gukoresha  
Nowa mu buryo bw'igitangaza  
kandi budasanzwe!



Intango y'Umubabaro w'Umwana w'Umuntu

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Itanguriro 3-6

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco,  
guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130





Iherezo



Iyi nkuru ya bibiliya itubwira kuvyerekeye Imana  
yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru. Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora. Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi:  
Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu buggingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibiliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

